



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO BAY 7.6 MILYON DOLA POU AMELYORASYON NAN ABRI BÈT YO

*Finansman an sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon nan abri bèt New York yo ki amelyore swen ak sante bèt yo*

*Yo dedye plis pase 33 milyon dola pou fon kapital pou bèt konpayi yo depi 2017*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral bay prèske 7.6 milyon dola pou 21 abri bèt ak sosyete imanité yo atravè nan tout eta a atravè Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York (New York State Companion Animal Capital Fund) la, ki nan senkyèm faz li. Finansman an pral sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon ki pral amelyore swen ak sante bèt epi ede asire moun adopte chen ak chat New York yo. Kòm premye Eta nan nasyon an ki finance pwojè kapital pou abri pou bèt yo, Eta New York kontinye demontre angajman li pou garanti lojman an sekirite ak swen pou chen ak chat ki pwoteje pandan y ap tann adopsyon.

"Abri bèt ak sosyete imanité atravè New York bay swen esansyèl pou chen ak chat pandan y ap tann nouvo fanmi yo ak kay pou toutan yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fon Kapital pou Bèt Konpayi New York la ap fè yon diferans reyèl pou abri nou yo ak sosyete imanité nou yo, ak bèt yo ki anba swen yo, ede yo fè amelyorasyon enpòtan pou pi byen pran swen bèt yo epi bay pi gwo sipò pou anplwaye ak volontè k ap pran swen yo".

Depi lansman pwogram Fon Kapital pou Bèt Konpayi a an 2017, ki te administre pa Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM), eta a te dedye plis pase 33 milyon dola nan pwogram nan, sa gen ladan fon ki angaje nan bidjè ane sa a. Senkyèm faz finansman yo bay la baze sou inisyativ anvan yo pou konpanse depans ki asosye ak pwojè kapital yo ke abri bèt Eta New York yo ap dirije, tankou renovasyon nich pou chen, amelyore enstalasyon medikal yo, oswa bati abri ki pi efikas pou diminye depans operasyon jeneral yo. Pwojè ki finance ane sa a gen ladan nouvo espas pou chat adisyonèl, nouvo enstalasyon medikal, espas anplennè amelyore ak renovasyon abri pou mete nich adisyonèl.

Yo te bayabri yo sibvansyon konpetitif sou baz yon evalyasyon neseseite, yon deskripsyon detaye sou pwòjè a ak pri rezonab. Abri sa yo te resevwa yon prim nan faz pwogram sa a:

### **Capital Region**

- *Biwo Cherif Konte Albany* (Albany, Konte Albany): 500,000 dola pou kreye yonabri oksilyè pou bèt an patenarya ak Mohawk Hudson Humane Society.
- *Vil Schenectady* (Schenectady, Konte Schenectady): 200,000 dola pou pi gwonich ki amelyore.

### **Vil New York**

- *Animal Care & Control of NYC* (Manhattan, Konte New York): 143,175 dola pou ekipe nouvo sistèmabri yo a avèk ekipman ajou, enstalasyon nouvo tèt nich, yon nouvo machin pou lave ak seche rad, ak ranplasman yon aparèy chofaj dlo ki fin vye.
- *Brooklyn Bridge Animal Welfare Coalition* (Brooklyn Heights, Konte Kings): 164,719.67 dola pou agrandismanabri, konsepsyon sal chat ki dedye a sante ak konpatibilite, enstalasyon fenèt, ak kreyasyon yon swit medikal ki bay sèvis konplè.

### **Mohawk Valley**

- *Animal Shelter of Schoharie Valley* (Howes Cave, Konte Schoharie): 500,000 dola pou renovasyon yon swit medikal ak renovasyon twati.

### **Southern Tier**

- *Broome County Humane Society* (Binghamton, Konte Broome): 110,879 dola pou amelyore konsepsyon kay chat ak nich pou chen, ak acha yon jeneratè ak yon basen pwòpte.

### **Finger Lakes**

- *Finger Lakes SPCA of CNY* (Auburn, Konte Cayuga): 482,491.50 dola pou yon nouvo konsepsyon etablisman ki gen ladan sistèm HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizè).
- *H.S. of Rochester (Lollipop)* (Fairport, Konte Monroe): 500,000 dola pou rekonsepsyon nich yo, pou ogmante kapasite bèt yo, epi elaji sal izòlman an.
- *Wayne Co. Humane Society* (Lyons, Konte Wayne): 500,000 dola pou yon nouvo etablismanabri ki amelyore, ki gen ladan nouvo HVAC.
- *Wyoming Co.* (Warsaw, Konte Wyoming): 318,318 dola pou amelyore konsepsyon etablisman, amelyore ekipman mekanik, epi bay zòn anrichisman deyò.

- *Wyoming Co. SPCA* (Attica, Konte Wyoming): 62,825.89 dola pou ranplasman twati a, reparasyon antre ak zòn pakin, achte kaj chat ak mete ajou teknoloji pou kenbe dosye.

### **Hudson Valley**

- *Hudson Valley SPCA* (Pomona, Konte Rockland): 200,000 dola pou amelyore nich chen yo, ranplase kloti chat yo, epi ogmante kapasite pou bèt.
- *Hudson Valley Animal Rescue & Sanctuary* (Poughkeepsie, Konte Dutchess): 398,495 dola pou ogmante kapasite pou bèt, ki gen ladan zòn karantèn.

### **North Country**

- *Jefferson Co. SPCA* (Watertown, Konte Jefferson): 200,000 dola pou elaji gwosè abri a epi jwenn nouvo sistèm HVAC.
- *Potsdam Humane Society* (Potsdam, Konte St. Lawrence): 100,067 dola pou amelyorasyon nan lojman ak anviwònman an, ki gen ladan amelyorasyon nan sal lesiv, kaj, chofaj, ak renovasyon planche.
- *Lewis Co. Humane Society* (Lowville, Konte Lewis): 500,000 dola pou nouvo sistèm HVAC, nouvo ekipman blanchisaj, kreyasyon sal izòlman chat, epi pou repare ak mete ajou estrikti abri ki andomaje yo.

### **Long Island**

- *Vil Oyster Bay* (Oyster Bay, Konte Nassau)- 200,000 dola pou renovasyon abri ak nouvo sistèm HVAC.
- *Vil North Hempstead* (Manhasset, Konte Nassau) - 200,000 dola pou nouvo sistèm HVAC.
- *Ada Howe Kent Memorial Shelter* (Calverton, Konte Suffolk): 200,000 dola pou nouvo etablisman abri ak zòn izòlman, ki gen ladan nouvo nich pou chen ak chat.
- *Pioneers for Animal Welfare Society* (Hicksville, Konte Nassau): 200,000 dola pou peman inisyal nouvo etablisman.

### **Western New York**

- *SPCA Konte Erie* (W. Seneca, Konte Erie): 200,000 dola pou amelyore nich ak zòn pou fè egzèsis deyò, renove zòn rekiperasyon chat ak pepinyè, jwenn nouvo sistèm HVAC ak sistèm sekirite.

**Komisè Agrikilti Eta New York la, Richard Ball, te deklare,** "Abri bèt yo bay bokou plis pase jis yon refij; soti nan ofri swen medikal esansyèl nan aktivite anrichisman chak jou, anplwaye k ap travay di nan sosyete imanité, abri, ak SPCA yo atravè eta a travay san pran souf pou bay pi bon swen pou chen ak chat pandan y ap tann pou yo adopte yo nan fanmi pou toutan yo. Pandan kèk ane ki sot pase yo, nou te wè finansman ki soti nan Fon Kapital pou Bèt Konpayi a ale nan amelyorasyon enpòtan ak pwojè ki vle di pi

bon swen pou bèt New York yo. Nou fyè pou nou anonse dènye faz sa a, ki pral bati sou siksè nou te wè jiskaprezan".

**Direktè Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Bèt nan New York la, Libby Post, te deklare,** "Manm Federasyon Pwoteksyon Bèt Eta New York la rekonesan anpil anvè Gouvènè a ansanm ak Kò Lejislatif nou an poutèt yo fè finansman sa a tounen yon reyalite. Nou te wè rezilta dirèk finansman sa a nanabri yo atravè eta a. Nouvo bilding, nouvo sistèm kontwòl lè, nouvo nich ak lojman pou chat, nouvo enfrastrikti ki kenbe bèt konpayi ki san kay yo an sante pou yo pare pou adopsyon. Akòz ogmantasyon atansyon ke lapolis yo bay krim sou bèt yo ansanm ak efè COVID, degèpisman ak ekonomi an, gen plis bèt k ap antre nanabri nou yo. Sa te mete yon presyon souabri yo men ak finansman kapital sa a anpil pral kapab amelyore ak elaji pou reponn a defi kontinyèl sa yo".

**Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare,** "Abri bèt lokal nou yo ale pi lwen pase atant yo pou yo ofri yon kote ki an sekirite pou bèt yo ki anba swen yo, epi poutan, anpil nan eta nou an gen gwo bezwen finansman kapital pou elaji ak amelyore enstalasyon yo. Fon Kapital pou Bèt Konpayi an enpòtan pou edeabri bèt yo fè amelyorasyon ki nesèsè anpil yo epi mwen te fyè pou m defann li nan bidjè eta a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li mete dènye faz finansman sibvansyon sa a disponib pouabri bèt yo nan Eta New York kapab kontinye kenbe bèt yo nan lajwa ak an sante pandan y ap tann pou yo adopte yo".

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** "Fon Kapital pou Bèt Konpayi a rann lavi pi fasil pou bèt ki nanabri nou yo ak moun k ap okipe yo. Pwojè yo finanse ane sa a pral amelyore ak elaji enstalasyon yo pou amelyore sante ak byennèt bèt yo pandan y ap tann kay pou toutan yo. Mwen trè kontan wè pwòpabri lokal mwen an nan Konte Broome te resewa lajan pou elaji travay yo pou bay yon kote ki an sante pou bèt konpayi ak yon anviwònman akeyan pou pwochen moun ki pral adopte yo".

Dapre Federasyon Pwoteksyon Bèt Eta New York la (New York State Animal Protection Federation), yo pote plis pase 150,000 bèt nanabri san bi likratif ak minisipalite ak sosyete imanitè yo jere yo chak ane. Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta New York la pral edeòganizasyon sa yo kontinye bay sèvisabri yo nan kominote lokal yo, pwomouvwa pi bon swen pou bèt yo epi fasilite plis adopsyon.

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418